

23 Febriye 2026

Chè Paran/Gadyen:

Depi Desanm 2024, nòt MCAS yo pa itilize ankò pou detèmine Detèminasyon Konpetans (CD) yon elèv pou rezon pou gradyasyon. Jan lwa federal ak lwa eta a mande, patisipasyon nan pwogram egzamen Massachusetts Comprehensive Assessment System (MCAS) kontinye ap yon kondisyon pou tout elèv yo. Evalyasyon sa sèvi plizyè fonksyon ki enpòtan nan evalyasyon pèfòmans elèv ak pèfòmans lekòl la. Egzamen MCAS obligatwa espesyalman pou rezon sa yo:

- Tout elèv ki rantre nan klas 10yèm ane pou premye fwa dwe patisipe nan ekzamen MCAS
- Tout rezilta egzamen yo itilize pou rapò sou responsablite lekòl la ak distri a
- Rezilta nòt egzamen yo detèmine kalifikasyon pou:
 - Bous detid John ak Abigail Adams
 - Sètifika Prim Metriz Stanley Z. Koplik

Eta Massachusetts ap kontinye egzamen MCAS pwochen jenerasyon yo pou ELA, Matematik, ak Syans (Biyoloji) pou klas dizyèm ane. Egzamen sa yo pwal fet elektwonikman.

Pou fasilite egzamen sa ak efikasite, tanpri revize enfòmasyon sa yo ak anpil atansyon:

- **Madi 24 Mas, 2026** Nou pwal administre egzamen **MCAS ELA Session 1** épi **Mekredi 25 Mas 2026** Nou pwal administre Egzamen **MCAS ELA Session 2** pou **tout elèv klas dizyèm** ane ki nan lekòl Blue Hills Tech. Tou 2 jou lekòl sa yo ki ap genyen egzamen yo, se tre zenpotan ke pitit ou yo pote Chromebook yo **konplètman chaje** lekòl la jou sa yo pou pitit ou ka fe egzamen. Fe tout egzijans ke posib pou asire ke sa fet. Si pitit ou gen oken pwoblem avèk Chromebook li, tanpri fe li kontakte Depatman IT ki nan Blue Hills Tech pou rezoud pwoblem nan.

Dokiman medikal pou di ke elev te we ak dokte obligatwa pou nenpòt elèv ki rate yon sesyon egzamen yo. Lekòl la gen pou mande dokiman sa epi resevwa li premye jou ke elèv la retounen lekòl. Tanpri rele biwo prezans si pitit ou malad nan nenpòt nan jou egzamen MCAS pou di ke pitit ou ap absan paske l malad.

Nou konnen sa a kapab yon moman estrès pou jèn moun. Nou mande pou jou sa yo ou fè tout sa ki posib pou asire pitit ou a rive lekòl ben repoze epi a lè. An retou, nou ap fè tout sa ki posib pou fe si ke nou ofwi yon bon anviwònman ak sipò ak ankourajman. Anplis de sa, nou gen plan pou bay manje maten ak ti goute, ansanm ak manje midi pou nenpòt elèv ki bezwen plis tan pou egzamen pwolonje.

Nou gen plan pou rankontre ak elèv yo avan Eegzamen Enfrastrikti yo pou revize lis sa:

- Egzamen ap kòmanse a **8:00 am**. Li tre zenpontan ke pitit ou rive lekòl la a le.
- Règleman egzamen MCAS yo bezwen swiv jis san oken shanjman.
- **Elèv yo dwe pote Chromebook ke lekòl la bay yo a chaje nèt nan chak sesyon egzamen yo.**
- Se Chromebook selman ki gen dwa rete nan posesyon yon elèv pandan egzamen an. Oken telefòn selilè, smartwatch, oswa aparèy elektwonik pa gen dwa rete nan posesyon yon elèv pandan egzamen an. **Siveyan egzamen yo gen pou kolekte tout telefòn selilè avek smartwatch yo.** Non elèv yo sipoze sou telefòn yo epi aparèy elektwonik yo.
- Elev yo pa ka pote oken nèt nan sal egzamen an.
- Elèv yo ka pote materyèl nan sal egzamen an pou travay apwe egzamen fini. Siveyan egzamen yo ap dirije elèv yo pou ki kote yo ka mete materyèl sa yo nan sal egzamen an.
- Egzamen MCAS se yon egzamen san limit tan; sepandan, jounen lekòl la pa kapab pwolonje.
- Pandan repo avek apwe egzamen yo, elèv yo pa sipoze diskite anyen sou egzamen yo.

Nenpòt vyolasyon règleman egzamen ki anwo yo ap lakòz ke egzamen anile epi notifikasyon apwopriye ap voye bay Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè nan Massachusetts.

Mwen ta renmen pwofite okazyon sa a pou m swete etidyan yo bon shans epi pou m remèsye w pou sipò kontinyel ou bay Blue Hills Regional Technical School. Si w gen nenpòt kesyon, tanpri pa ezite rele m.

Sensèman,

Dr Paul Bavuso
Direktè Akademik
Kowòdinatè Egzamen MCAS